


№ 47 (6983) 29 декабрь 2025 с. Итни Ражаб 1447 с. Багъа - эркенаб

ХIАРАКАТАЛЪУЛЪ – БАРАКАТ

## Бакълъулазул тIалъи – муниципалиял гIуцIабазул къокъаялъул данделъиялда

### Эргъвендерил бегавуласе шапакъатги кьуна

**МахIачхъалаялда Гьудуллъиялъул рокъоб тIобитIараб «Дагъистан Республикаялъул муниципалиял гIуцIабазул къокъа» абураб ассоциациялъул данделъиялда гIахьаллъана Бакълъул мухъалъул бетIер ва «Цогояб Россия» партиялъул бакIалъулаб отделениялъул секретарь Гъалип Гъалипов.**



Районалъул нухмалъулесдаго цадахъ гьеб тадбиралде рачIун рукIана росабазул поселениязул бутIрулги. «Дагъистан Республикаялъул муниципалиял гIуцIабазул къокъа» ассоциациялъул аслияб данделъиялда гьеб гIуцIиялъул председательлъун вищана МахIачхъала шагьаралъул бетIер Жамбулат Салавов.

Гьеб тадбиралда шапакъатал кьуразда гьоркьов вукIана Аргъвани росдал бегавул ХIусен ГIусмановги. Гьесие щвана «БакIалъулаб тIалъи цебетIезабиялъе бахъараб хIаракаталъухъ» абураб номинациялда ХIурматалъул грамота.



Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас баркана Жамбулат Салавовасда цIияб хъулухъ ва гьарана гьесие бергьенлъаби. Гьес гьединго баркана ва лъикIал гьариял гьаруна ХIусен ГIусмановасеги.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Бесдал лъималазе рукъзал кьеялъул бицана

### Кьурал минабазул приватизация гьабиялъулги рехсана

**Районалъул бетIер Гъалип Гъалиповасул нухмалъиялда араб анкьалъ администрациялда тIобитIана бесдалазе ва эбел-инсул тIалаб-агъаз гьечIого хутIарал лъималазе мина-карт кьеялъул суалал рорхараб данделъи. Гьенир гIахьаллъана идарабазул нухмалъулелги администрациялъул вакилзабиги.**



Тадбиралда гIахьаллъараз къануналъ тIалаб гьабулеб къагIидаялъ гьеб категориялъул гражданазе рукъзал кьолеб къагIидаялда хурхун жакъа бугеб ахIвал-хIалалъул мухIканаб хал гьабуна.



Хасго кIвар кьун букIана гьанжеялдего кьураб мина-карталъул приватизация гьабиялъул иш тIубаялде, гьединго раккулел ругел юридикиял ва административиялин захIмалъабазул хал гьабиялде. Районалъул нухмалъулес жавабиязе тIадкъай кьуна данделъиялда кьурал киналго тIадкъаял тIуразариялда хадуб хал-шал гьабеян.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Гъалип Гъалипов: «Кадровияб даража борхизабиялде кIвар кьезе хIажат буго»** - 2 гьум.




**Район цебетIезелъун тIуралел хIалтIаби, рахьдал мацI цIуни** - 2 гьум.



**Шамил ИсмагIилов: «Кидагосеб информационнияб ва цогидаб кумекалъухъ баркала»** - 2 гьум.




**«Гумбет» басма – бакълъулазул тарих** - 3 гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Гъалип Гъалипов: «Кадровияб даража борхизабиялде кIвар кьезе хIажат буго»

### ХIалтIул хIасилал лъикIлъизариялъул комиссиялъул данделъи

**Бакълъул мухъалъул администрациялда муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповасул нухмалъиялда хIалтIул хIасилал цIикIкIизариялъул ва хIажат гьечIел бакIал къаялъул комиссиялъул данделъи тIобитIана.**



Данделъиялда гIахьаллъана районалъул нухмалъулесул заместителал Сайпилав МухIамадов, МухтарахIмад АхIмадов, гьездаго цадахъ батIи-батIиял идарабазул вакилзаби ва цогидалги. Данделъиялъул аслияб мурад букIана жавабияз, махщалилаз хIалтIи гьаби камил гьаби.

«Кадровияб даража борхизабиялде кIвар кьезе хIажат буго. ХIалтIухъабаз тIадал ишал жиндир заманалда ва лъикI тIураялде кIвар буссинабизе щибаб къоялъ ккола. Махщалилазда гьоркьоб хIалтIи бикьи гIуцIи, хIалтIул хIасилазул халгьаби – чара гьечIого хIажат буго. Щибаб идраялъул вакилзабазда тIадабги буго гIайиб чIвалареб хIалалда, жиндир заманалда, ракьа-рагIанде щун, тIадал ишал тIуразе», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЛ ВА СПОРТ

# Бечедаб бачIингун тIадруссана Санкт-Петербургалдаса

### БергьенлъабицIикIкIаги

**Санкт-Петербургалда тIобитIараб ACBJJ грэпплингалъул дунялалъул чемпионаталда Бакълъул мухъалъул спортсменазе щвана меседил,**




**гIарцул ва мазгарул медалал.**

ТIадегIанаб шапакъат щвана МелъелтIа росулъа ГIабдурашид ХIажиевасе. Гьединго 80 килограммалъул цIайиялда «Мастер 2» категориялда гIарцул медалалъеги мустахIикълъана, жегиги мазгарул медальги босана. Бразилиялъулаб джиу-джитсуялъул рахъалъ кIицIул чемпионлъун вахъана МелъелтIаса Юсуп СагIадулаевги.

Гьединго, ЧIиркъатIа росдал спортсменалги бергьенлъиялда кьеркьана ACBJJ грэпплингалъул дунялалъул чемпионаталда, гьез бихьизабуна тIадегIанаб даражаялъул хIадурлъи ва бергьине бугеб гьира.

Игъалиса вацал Рамазан ва ХIажимурад Халидовазги бихьизабуна гьунар ва махщел. ХIажимурадие щвана гIарцул медаль, Рамазан мустахIикълъана мазгарул медалалъе.

Гьедин, ГIали Шахбановас (27 кг) ва ХIусен Сабуевас (27 кг) бергьенлъи босана. Юсуп Зубаировас мазгарул, МахIмуд МухIамадовас гIарцул медалал росана. Ибрагьим СалихIовасги мазгарул медалал росана. Гьединго мазгарул медалал щвана ХIадис ХIадисовасе (70 кг) ва Юнус Ибрагьимовасе (75 кг).

Къецазда жигараб гIахьаллъи гьабуна Сайпудин МухIамадовас, МухIамадназир МухIамадовас, Зулфукъар Шахбановас. Дунялалъул чемпионаталде спортсменал ругьун гьаруна гьезул тренер ГIабдула Шахбановас, гьесул нухмалъиялда гьоркь чIиркъдерил командаялъ бихьизабуна тIадегIанаб махщел.

КIицIул чемпионлъул вахъана Килалъа гьитIинав спортсмен Мурад Къурбановги. Районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас спортсменазда баркана чемпионаллъун рахъин, призовиял бакIал кквей. Гьарана гьезие щулияб сахлъи ва сундулъго битIккей.

**Зугъра ГIабдулкъадирова**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН…

# Район цебетIезелъун тIуралел хIалтIаби, рахьдал мацI цIуни

### Журналистазулгун дандчIвай

**Республикаялъул «ХIакъикъат» газеталъул редакциялда тIобитIана Бакълъул мухъалъул бетIер Гъалип Гъали-повасулгун дандчIвай. Гье-сулгун гара-чIвари гьабуна газеталъул бетIерав редактор Темирхан ХIасановасги гьесул заместитель Зикрула Илясовасги.**




Данделъиялда Гъалиповас бицана районалда гIумруялде рахъинарула ругел проектазул. Гьединго гара-чIвариялда кIвар буссинабуна рахьдал мацI цIуниялда, классикияб адабият халкъалда гьоркьоб тIибитIизабиялда хурхарал суалазда ва цогидал темабаздаги.

Абизе мустахIикъаб буго Дагъистаналъул адабияталъул къучI лъуразул цояв, классик хъвадарухъан, философ, гIалимчи Инхоса ГIали-ХIажи гьавуралдаса 180 сон тIубаялда хурхун тIоритIарал акциял ва цогидал тадбиразе квербакъи гьабунин «ХIакъикъат» газеталъ.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

ХIАРАКАТАЛЪУЛЪ – БАРАКАТ

# Шамил ИсмагIилов: «Кидагосеб информационнияб ва цогидаб кумекалъухъ баркала»

### СВОялъул рагъухъабазул цIаралдасан шапакъатал кьуна бакълъулазул тIалъиялъе ва журналистазе

**Гвардиялъул кIудияв лейтенант, гьавадулгун десанталъулаб штурмовиказул ротаялъул командир, БахIарчилъиялъул**



**орденалъе, «БахIарчилъиялъухъ» медалалъе ва цогидал шапакъатазе мустахIикълъарав Игъали росулъа СВОялъул рагъухъан Шамил ИсмагIиловас Бакълъул ракьалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповасе гьоркьоса къотIичIого гьабулеб кумекалъухъ баркала загьир гьабуна ва гьесул цIаралда бугеб Баркалаялъул кагъат кьуна.**

Шапакъат кьеялъулъ гIахьаллъи гьабуна районалъул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев ГIалихан ДавудхIажиевас, муниципалитеталъул нухмалъулесул заместитель Сайпилав МухIамадовас, администрациялъул граждааниял цIуниялъул, гIорхъолъа арал ахIвал-хIалазул, цIа ккеялдаса цIуниялъул ва мобилизациялъул хIалтIул отделалъул махщалилав Аслудин Шапиевас.

Гьединго Баркалаялъул кагъат ИсмагIиловас кьуна «Гумбет» медиагруппаялъул нухмалъулев ХIамзат ГIизудиновасе. «РакI-ракIалъулаб баркала буго нижее, спецоперациялъул рагъухъабазе, гьабулеб кидагосеб информационнияб ва цогидаб кумекалъухъ»,- ян абуна Шамил ИсмагIиловас.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЛ ВА СПОРТ

# ЛъаратIаса спортсменаз Кавказалъул кубокалъул къецазда махщел тIокIлъи бихьизабуна

### Нахъеги лъикIал хIасилал камугеги

**Жубараб рагъул искусствоялъул (ММА) ва грэпплингалъул рахъалъ Рагьараб Кавказалъул кубокалъул къецазда ЛъаратIа росдал спортсменаз лъабго приз босана.**

ГIиса ГIисаевасе щвана грэпплингалда гIарцул медаль. МухIамад ГIалиевасе щвана ММАялда гIарцул медаль, ХIажи ГIалиевас босана ММАялда лъабабилеб бакI.

Муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас гIолохъанал спортсменазда баркана лъикIал хIасиласдалъун церерахъин ва гьарана спорталъулги гIумруялъулги чIахIиял бергьенлъаби.



**Макка МухIамадова**

ХIИНКЪИГЬЕЧIОЛЪИ ЦIУНИ

# Интернет хIалтIизабиялъул дарс

### Игьали, ЦIаналъ, Кунзахъ росабазул цIалдохъабигун дандчIвана Мухтар ГIабдурахIманов

**Балугълъиялде рахинчIезул хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул профилактикиял тадбиразул бутIа хIисабалда Игьали, ЦIаналъ, Кунзахъ росабазул школазда Российялъул Бакълъул районалда бугеб ОМВДялъул хIалтIухъан майор Мухтар ГIабдурахIмановасулгун дандчIвай тIобитIана.**

Гьес цIалдохъабазда ракIалде щвезабуна интернет хIинкъи гьечIого хIалтIизабиялъул къагIидаби ва гьел хвезариялъул жавабчилъи. ЦIалдохъабазда лъана киберхIинкъиялъул гIаламатал кин лъазе кколелали ва кин рукIине кколелали, интернеталдасан хIилла-рекIкIалде ккечIого рукIине.

Гьединго гьезда бицана хIиллачагIазул гIарцуда хурхарал схемабазде гъорлъе ккечIого рукIиналъул. Мухтар ГIабдурахIмановас бицана административиябгун уголовияб къануналда рекъон такъсирал гьаруралъухъ балугълъиялде рахинчIезул жавабчилъиялъулги, наркотикал хIалтIизариялъул зараллиял хIасилазулги, экстремистияб ва террористияб хIаракатчилъиялъул хIинкъиялъулги.



**Макка МухIамадова**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН...

# «Гумбет» басма – бакълъулазул тарих

### Подписка – 2026

**ХIурматиял районцоял! Унеб буго 2026-абилеб соналъе «Гумбет» газета хъвай. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почалъул отделениялдасанги редакциялдасанги.**

Ниж божарал руго, росабазул администрациязул бутIрузул, почалъул хIалтIухъабазул, газета цIалулезул кумекалдалъун 2026-абилеб соналъ «Гумбет» газета хъвалезул къадар цIикIкIине букIиналда.




**ЛъагIалие багьа:**
почалдасан – 1134 гъурущ;
редакциялдасан – 250 гъурущ.

**Бащдаб лъагIалие:**
Почалдасан – 567 гъурущ;
Редакциялдасан – 125 гъурущ.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

БАРКИ

# Баракатаб батаги

**ХIурматиял районцоял! РакI-ракIалъ баркула нужеда тIаде щолеб ЦIияб сон! ДандчIвалел захIмалъабазухъ балагьичIого, районалда цебетIей ккана бакIал раялдаги, росдал магIишаталдаги, гIадамазул рукIа-рахъин лъикIлъизабиялдаги, халкъияб магIишаталъул цогидал бутIабаздаги. МустахIикъаб дандчIвай гьабуна киназго ЦIияб соналда. Гьелде тIоцебесеб гали тIамулеб буго кIудияб хъулгун, мурадгун, къасдгун, щивас абулеб буго талихIаб ва баракатаб батагийилан.**

ЦIияб соналъги цере чIун руго жеги жавабиял, кIвар бугел масъалаби. ГIемерал хIалтIаби руго гьаризе нухал кьачIаялдаги, бакIал раялдаги, росабалъе газалъул мухъал рачиналдаги ва цогидалги рахъазда. РакIчIола гьел ва цогидал масъалаби гIумруялде рахъинариялъ районалда бергьенлъаби росизе рукIиналда.

Щивасул ракIалда ругел лъикIал мурадал тIураги, гьабулеб данде билълъаги, лъикIаб кквезе, вацlъи, гьудуллъи цIунизе щивасе тавпикъги кьеги. Хириял районцоял, ракI-ракIалъ баркула тIаде щолеб цIияб 2026-абилеб сон!

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер
Гъалип Гъалипов**

# Галип Галипов выразил соболезнования в связи с гибелью представителей Шамильского района, которые ехали с гуманитарным конвоем

**Глава Гумбетовского района Галип Галипов выразил соболезнования в связи с гибелью представителей Шамильского района, которые ехали в зону СВО с гуманитарной помощью.**

«Все мы – от Аллаха, и к Нему – наше возвращение. От имени жителей Гумбетовского района, администрации Гумбета и от себя лично выражаю глубокие соболезнования родным и близким погибших во время доставки гуманитарного груза на территорию спецоперации. Дагестан и вся наша страна потеряли мужественных, неравнодушных людей, настоящих мужчин, патриотов. Погибшие не раз посещали зону СВО с гуманитарными конвоями, они сознательно рисковали своими жизнями, чтобы помочь защитникам Отечества и жителям Новороссии. Да станут умершие обитателями рая», – говорится в соболезновании главы Гумбетовского района Галипа Галипова.

РИТМ ГУМБЕТА

# Ответственность за использование пиротехнических изделий

**Канун наступающих новогодних праздников связан с увеличением фактов использования подростками пиротехнических изделий. В результате игры с петардами, хлопушками и фейерверками дети по причине несоблюдения правил безопасности и безответственности взрослых причиняют телесные повреждения (ожоги лица, рук и т.п.) как себе, так и окружающим. Неисполнение требований к эксплуатации такой продукции может стать причиной пожара.**

За нарушение правил запуска и эксплуатации фейерверков, законодателем предусмотрены различные виды ответственности, вплоть до уголовной.

За использование пиротехники в общественных местах предусмотрена административная ответственность по статье 20.1 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях РФ. В случае совершения данного правонарушения подростком младше 14 лет к административной ответственности привлекут родителей.

В соответствии со ст. 20.4. Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях Российской Федерации за нарушение правил пожарной безопасности предусмотрена административная ответственность для граждан в виде предупреждения или административного штрафа в размере от пяти тысяч до пятнадцати тысяч рублей; в случае возникновения пожара и уничтожения или повреждения чужого имущества либо причинения легкого или средней тяжести вреда здоровью человека в виде административного штрафа в размере от сорока тысяч до пятидесяти тысяч рублей.

За нарушение правил использования пиротехнических изделий, если причинен тяжкий вреда здоровью или смерть человека, виновное лицо подлежит ответственности по ст. 218 Уголовного кодекса Российской Федерации, наказание по которой предусмотрено до 5 лет лишения свободы с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до 3 лет или без такового.

За повреждение имущества в крупном размере путем неосторожного обращения с огнем или иным источником повышенной опасности ответственность наступает по ст. 168 Уголовного кодекса Российской Федерации в виде наказания до 1 года лишения свободы.

Реализация пиротехнических изделий с нарушением установленных требований, в том числе их продажа несовершеннолетним с нарушением установленных ограничений по возрасту, влечет за собой административную ответственность по ст.14.2 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях.

При выявлении факта недостоверного декларирования соответствия пиротехнической продукции виновные будут наказаны штрафом по ст. 14.44 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях.

О фактах продажи пиротехнических изделий без соблюдения ограничений по возрасту, а также использования пиротехнических изделий с нарушением установленных требований законодательства. Вы вправе обратиться в ОМВД России по Гумбетовскому району по телефону 8-999-418-85-10.

Уважаемые родители, проводите разъяснительные беседы со своими детьми о запрещении самостоятельных покупок пиротехники и её использования без контроля взрослых. Неосторожное обращение с пиротехникой может привести к трагическим последствиям, ведь чаще всего травмы от пиротехники получают именно несовершеннолетние.

**М.З. Гусейнов,
врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району майор внутренней службы**

РИТМ ГУМБЕТА

# Счетчик – главный помощник в экономии семейного бюджета

**Это удивительно, но факт. Потребители коммунальных услуг устанавливают счетчики, оплачивая немалые деньги как за сам прибор, так и за его монтаж. Ну, а после забывают передавать показания с работающего счетчика.**

**Для чего же вы заплатили за счетчик?**




В следствии непереданных показаний, как снежный ком нарастает задолженность, так как поставщики услуг начинают вести расчеты по нормативам. Счётчики устанавливают, чтобы сделать оплату коммунальных услуг более прозрачной и справедливой. По счётчикам человек платит только за то, что реально потратил ресурс. Это не просто «предмет интерьера», а прибор, данные с которого ждет поставщик ресурса, чтобы произвести вам правильный, фактический расчёт, согласно переданных вовремя показаний.

**Какой выход?**

Поставщик газа в Дагестане «Газпром межрегионгаз Махачкала» настоятельно призывает всех, у кого в газифицированном домовладении установлен счётчик:

первое – проверить его работоспособность, то есть двигается ли циферблат когда включена плита или газовая колонка;

второе – проверить не прошел ли срок поверки счётчика . Срок поверки указан в паспорте на счётчик. Не сохранили паспорт счётчика? Не беда. Обратитесь в абонентскую службу по месту жительства или позвоните в контакт-центр 8 800-200-98-04 – поставщик газа хранит в вашей личной карточке данные о дате поверки.

третье – проверьте целостность пломб установленные на счётчик от поставщика. Ни в коем случае не допускайте нарушение целостности прибора учета газа и вмешательств.

И последнее, главное – наладьте дисциплину с передачи показаний со счётчика каждый месяц. Так вы будете видеть свой ежемесячный расход газа. Многие дагестанцы уже научились здорово экономить на платежах за газ и распределять семейный бюджет, зная количество расхода в своем доме по месяцам.

Кстати, именно сейчас те самые дни – 23, 24, 25 декабря – когда надо передать показания счётчика. Обязательно уже сегодня сфотографируйте свой счетчик или выпишите показания и передайте своему контролеру газового хозяйства либо позвоните в контакт-центр 8 800-200-98-04 или показания внесите через «Личный кабинет абонента» на сайте «Газпром межрегионгаз Махачкала».

Кстати, 27 декабря 2025 года – объявлена рабочая суббота для всех газовых служб. Все, кто работает с понедельника по пятницу могут в ближайшую субботу решить все свои вопросы по газу в абонентских пунктах по месту жительства.

**ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

РИТМ ГУМБЕТА

# Изменение вида использования участка?

**Каждый земельный участок может иметь один или несколько видов разрешенного использования, которые фиксируются ЕГРН.**

- выписка из Правил землепользования и застройки (можно заказать в МФЦ), чтобы проверить возможность изменения ВРИ в вашей зоне




Их - 14 категорий, они охватывают сельское хозяйство, жилую застройку, промышленность, транспорт, охрану природы и другие сферы

При обращении в МФЦ за изменением вида земельного участка, иметь при себе:

- паспорт заявителя
- документы, подтверждающие право собственности на земельный участок
- согласие всех собственников участка, если их несколько.

Срок рассмотрения заявления - до 30 календарных дней.

При положительном решении вы получите новое свидетельство или выписку из ЕГРН с обновлёнными данными.

При отказе будет выдано мотивированное решение.

Важно знать:

- Если участок в аренде — требуется согласие арендодателя.
- Вся процедура бесплатна.

**Филиал МФЦ РД по Гумбетовскому району**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

# Профилактическое мероприятие «Новогодняя ель» проводится в Гумбете

**С 23 декабря 2025 года по 13 января 2026 года в Гумбетовском районе, как и в других городах и районах Республики Дагестан, проводится оперативно-профилактическое мероприятие «Новогодняя ель».**




Сотрудники органов внутренних дел совместно с представителями лесной охраны проверяют транспортные средства и объекты торговли в целях профилактики, предупреждения и пресечения правонарушений, связанных с заготовкой, транспортировкой и реализацией деревьев хвойных пород.

Нарушителям грозят административные протоколы по ч. 1 и 2 ст. 8.28 «Незаконная рубка, повреждение лесных насаждений» и ст. 14.1 «Осуществление предпринимательской деятельности без государственной регистрации или без специального разрешения (лицензии)» КоАП РФ. Санкции данных статей предусматривают максимальное наказание в виде штрафа до 5 тысяч рублей и 2 тысяч рублей соответственно.

При отсутствии разрешения на реализацию праздничных деревьев продавец понесёт административную ответственность, в случае выявления незаконной вырубки лесных насаждений виновным грозит уголовная ответственность.

ОМВД России по Гумбетовскому району напоминает: о фактах незаконной рубки хвойных деревьев и нарушениях при их продаже граждане могут сообщать в дежурную часть Отдела МВД России по району по телефону 8-999-418-85-10.

**ОМВД России по Гумбетовскому району**

РИТМ ГУМБЕТА

# Электронная подпись: быстро и просто в МФЦ Дагестана!

**Квалифицированная электронная подпись (КЭП) поможет участвовать в торгах, сдавать отчетность и безопасно работать с госорганами онлайн.**

Кому нужна:

Участникам закупок по 44-ФЗ и 223-ФЗ — для регистрации в ЕИС, подачи заявок, подписания контрактов и участия в аукционах банкротов.

Сотрудникам компаний — для сдачи отчетности, подписания договоров с контрагентами и оформления сделок.

Физлицам — для удалённого подписания документов, работы с Росреестром, открытия ИП и сделок с недвижимостью.

Как оформить в МФЦ Дагестана:

Запишитесь через чат-бот МАКС или приходите без предварительной записи.

Возьмите с собой паспорт, СНИЛС, ИНН и установите приложение «Госключ» с подтвержденной учетной записью на Госуслугах.

Где можно получить:

В МФЦ в городах Махачкала, Кизляр, Каспийск, Буйнакск, Кизилюрт, Дагестанские Огни, Хасавюрт, Южно-Сухокумск, Дербент, Избербаш.

**Филиал МФЦ РД по Гумбетовскому району**

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович Гизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияб секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета къабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьорк
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гьулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.